Ku jáng wenn araf ci téereb Yàlla bi dina am jenn tiyaaba, jenn tiyaaba ju ne day tolloo ak fukki tiyaaba

Jële na ñu ci Abdallah Ibn Mashuud mu wax ne: Yónente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: «Ku jáng wenn araf ci téereb Yàlla bi dina am jenn tiyaaba, jenn tiyaaba ju ne day tolloo ak fukki tiyaaba, waxuma nag {alif laam miim} aw araf la waaye alif araf la laam araf la miim araf la».

[Tane na] [At-tirmisiy soloo na ko]

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day xamle ne bépp jullit bu jàng wenn araf ci téereb Yàlla bi dana am benn yool , te dees na ko ful ba fukk yu mel ni moom. Mu leeral loolu ci waxam ji: (waxu ma ni nag alif laam miim benn araf la waaye alif araf la, laam araf la, miim araf la): mu nekk ñatt mu am ca fanweeri yiw.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/6275